



**Haiti Reconstruction Fund**  
A Fund for Recovery, Reconstruction and Development of Haiti



# Bwochi dezyèm lane - tèks

Rapport Annuel 2011/12



## Sekretarya Fon pou Rebat Ayiti

Ministè Planifikasyon ak Kòperasyon Ekstèn

389, wout Boudon

Pòtoprens, Ayiti

Email: [info@haitireconstructionfund.org](mailto:info@haitireconstructionfund.org)

[www.haitireconstructionfund.org](http://www.haitireconstructionfund.org)

[www.fondsdereconstructiondhaiti.org](http://www.fondsdereconstructiondhaiti.org)



**FONDS DE RECONSTRUCTION D'HAÏTI**





## PWEN KI ENPÒTAN

Aprè de lane l ap fonksyone, Fon POU Rebati Ayiti vin tounen :

- Pi gwo sous finansman fasilman adaptab pou rebati Ayiti : 16% nan tout lajan pou rekonstrisyon an pase nan men Fon an.
- Yon patenarya entènasyonal anba men Gouvènman peyi D'Ayiti ki fikse ki priyorite pou lajan an adrese epi k ap jere 89% nan mwayen ki bay yo.
- Yon mekanis efikaz pou mobilize lajan (US\$396 milyon rive jounen jodi a), bay lajan pou rekonstrisyon an (US\$274 milyon pou 17 aktivite) epi ede jwenn lòt fon pou konplete (US\$277 milyon ankò pou kofinanse pwojè FRH yo).
- Yon mwayen pou rezoud pwoblèm lajan estratejik pou rive jwen yon relèvman byen balanse.

## Kisa Fon pou Rebati Ayiti a ye (FRH)?

De mwa apre tranblemandtè krazebrize 12 janvye 2010 la, Gouvènman peyi D'Ayiti (GoH) te mande Bank Entèamerikèn Devlopman, Nasyonzini ansanm ak Bank Mondyal pou yo te met sou pye yon mekanis finansman ak plizyè bayè yo rele Fon pou Rebati Ayiti (FRH). FRH mobilize, kòdone epi bay finansman pou ede Plan Nasyonal pou Relèvman ak Devlopman GoH la. GoH la te mande pou se Asosyasyon pou Devlopman Entènasyonal (IDA) ki nan Gwoup Bank Mondyal ki vin Fidisyè pou Fon an.

FRH rasanble kontribisyon bayè yo pou finance aktivite GoH la jije priyorite epi ki jwenn apwobasyon nan men Komite Pilotaj FRH la. Genyen yon pwosesis ak règleman li pou apwouve finansman yo epi yon pwosedi rapid pou demand ki pa depase US\$1milyon. FRH kapab finance aktivite tankou enfraestrikti, sèvis, devlopman kominotè, anviwònman, kreye travay epi apui bidjetè. Se youn oubyen plizyè ajans egzekisyon ki reyalize aktivite yo epi se yon Antite Patnè (Sosyete Entènasyonal Finans, Bank Entèamerikèn Devlopman, Nasyonzini oubyen Bank Mondyal) ki fè evalyasyon ak sipèvizyon yo.

FRH anba gouvèn yon Komite Pilotaj ki gen pou prezidan Minis Lekonomi ak Finans epi manm tankou reprezantan GoH yo, bayè ki pi enpòtan yo, Antite Patnè, Fidisyè a, obsèvatè Sosyete Sivil Ayisyen an, Gouvènman lokal la, Sektè Prive an, Dyaspora epi ONG entènasyonal yo. Nan de premye lane egzistans li, Komite Pilotaj la te reyini uit fwa pou l reponn demand finansman GoH la epi pou l deside afektasyon US\$ 274 milyon pou 17 aktivite nan rekonstriksyon.

## Kijan FRH la ap fonksyone?

Objektif Fon an se kore mobilizasyon, kòdinasyon ak afektasyon kontribisyon yo dekwa pou gen lavi miyò an Ayiti epi pou bay kapasite GoH la jarèt sou yon tan ki long. Pou reyalize objektif sa a, FRH kòdone aktivite li yo ansanm ak GoH la men nan men ak Ministè Planifikasyon ak Kòperasyon Ekstèn (MPCE). Kontribisyon bayè yo fè pote finansman pou aktivite priyorite yo ki jwenn apwobasyon nan men Konsèy Minis yo epi Komite Pilotaj FRH la.

Tout pwopizisyon yo ki tonbe daplon ak kritè elijiblite sila yo kapab prezante pou jwenn finansman FRH la. Yo dwe :


- Jwenn apwobasyon nan men Konsèy Minis yo;



- Respekte Plan Gouvènman peyi D'Ayiti pou Relèvman oubyen yon plan menmjan pou relèvman, rekonstriksyon ak devlopman ki jwenn apwobasyon nan men Gouvènman peyi D'Ayiti;
- Fòk se yon bezwen estratejik finansman nan rekonstriksyon;
- Fòk yo tonbe daplon ak politik epi estrateji Fon an genyen;
- Ede peyi D'Ayiti leve kanpe kòm sadwa, rapidman epi pou anpil tan menmjan tou fòk aktivite yo fini pandan peryòd Fon an egziste (Jen 2010 – Desanm 2017); epi
- Fòk yo tonbe daplon ak politik epi pwosedi Antite Patnè ki chwazi a epitou ak manda Fidisyè a.

Pwosesis pou apwouve sibvansyon yo se kèk etap senp w ap jwenn nan Desen 1. Pou mande FRH yon finansman, yon ajans egzekisyon ap gen pou l prezante yon NCP dapre modèl MPCE a osnon yon dokiman pwojè konplè pou MPCE a revize. Nan tèt kole ak Premye Minis la, MPCE ap prezante demand finansman yo bay FRH la pou yo jwenn apwobasyon nan men Konsèy Minis yo. Apre apwobasyon Konsèy la, MPCE ap fè suivi pwojè apwouve yo ak yon Antite Patnè Komite Pilotaj FRH la (CP) fin idantifye pou fè revizyon ansanm ak kòmantè pou finansman an. Depi CP a dakò ak kantite lajan ki pou bay la, y ap transfere fon yo bay Antite Patnè a pou l kapab egzekite pwojè a san pèdi tan. Pwopizisyon ki lan stad Nòt Ekri yo ap jwenn yon apwobasyon sou kondisyon epi y ap gen pou jwenn apwobasyon final la sèlman lè yo prezante bay CP a dokiman konplè pwojè a pou apwobasyon l. Pou si demand finansman yo ap jwenn yon repons rapid, FRH respekte estanda pou randman pwennfèpa nan chak etap pwosesis apwobasyon an. Met sou sa, CP a tabli pwosedi ki pèmèt li apwouve dokiman pwojè yo an liy.

DESEN 1: Pwosesis pou apwouve sibvansyon FRH yo



## Kijan yo te sèvi ak resous FRH yo?

Nan dezyèm lane fonksyònman lan l, FRH te resevwa lòt kontribisyon nan men kat bayè pou yon valè total US\$ 44 milyon. Kontribisyon sa yo montre jan bayè yo angaje tèt yo pou yon tan ki long nan rekonstriksyon peyi D'Haïti epi ki repons yo bay san rete bezwen finansman yo pou bouche defisit finansman ki genyen. Yon total 19 bayè pran angajman pou bay FRH kontribisyon pou yon valè US\$396 milyon, ladan yo te deja resevwa US\$381 milyon. Finansman ki disponib nan men FRH reprezante 16% finansman total bayè bilateral ak multilateral yo dekes pou rekonstriksyon apre tranblemandtè a. Komite Pilotaj FRH la te deside finanse pou yon valè total US\$278 milyon ladan US\$274 milyon al jwenn 17 pwojè rekonstriksyon ala demand Gouvènman peyi D'Haïti. US\$4 milyon ki rete yo ale lan men Sekretarya FRH la ak Fidisyè a pou jere fon yo (gade Tablo 1). Rive jounen jodia se US\$94 milyon ki te dekes pou pwojè sila yo.



Réduction des risques à Pèlerin (Sud) : avant



Réduction des risques à Pèlerin (Sud) : après

Tablo 1: Tout Desizyon Finansman ki pran rive 30 jen 2012

Pwojè	Tit	Antite	USD
		Patnè	Milyon
	Operasyon pou Kore Politik Devlopman Dijans nan peyi D'Ayiti	WB	25.00
	Pwogram pou met sou pye yon fon garanti kredi pasyèl	IDB	12.50
	Pwojè Gesyon Dekonb	YON	16.95
	Pwogram Devlopman Dirab pou Sidès peyi D'Ayiti	YON	8.00
	Pwojè pou bese Risk Desas nan Depatman Sid	YON	8.00
	Bese Risk Desas lan Depatman Sid	IDB	14.00
	Rekonstriksyon Sektè Ledikasyon	IDB	10.00
	Ranfòsaman Kapasite nan Gesyon Risk ak Desas	YON	2.00
	Demolisyon epi Ranmase Dekonb ak gwo anjen	YON	25.00
	Pwojè Rebat Kay Kominotè nan Pòtoprens	WB	65.00
	Pwogram pou ede reabati kay ansanm ak kominote yo	YON	24.67
	Plan Prevansyon Tranblemandtè pou rejyon Gran Nò d'Ayiti	YON	9.96
	Ranfòsman Kapasite CIRH	YON	1.00
	Operasyon Apui Bidjetè sible	WB	15.00 a/
	16 Katye, 6 Kan	YON	30.00
	Devlopman Pwodiksyon akTrètman lèt lan peyi D'Ayiti	YON	2.00
	Pou kore egzeksyon plan ledikasyon ak refòm nan peyi D'Ayiti	IDB	5.00
		<b>Sous-total</b>	<b>274.08</b>
<b>Adminis-trasyon</b>	AF11 – 13 Bidjè Sekretarya a ak Fidisyè a		3.83
		<b>Total</b>	<b>277.91</b>

a/ Valè lajan sila a yo te mete l sou kote apre Komite Pilotaj FRH la te fin dakò ak Nòt Ekri Pwojè a epi ki t ap tann apwobasyon dokiman pwojè konplè nan men Komite Pilotaj la.

## Kisa FRH reyalize?

Nan dezyèm lane fonksyonman l, FRH te konstate pwogram yo vin mache pi rapid nan egzekisyon yo. Grasa preparasyon ki fèt lan kòmansman, konsiltasyon ak konsène yo epitou pi fò evalyasyon ki fèt nan premye lane fonksyonman an, egzekisyon aktivite pwojè yo te demare san pedi tan epi dekesman pou pwojè yo te monte rive 169% sòti 1e rive 2èm lane : pousantaj dekesman pase 15% fon total yo te apwouve yo nan 1e lane a rive monte 34% fon total ki te apwouve nan 2èm lane sou yon dekesman total US\$ 94 milyon. Nan pami 14 pwojè yo te apwouve pandan premye lane a, gen 12 ki aktif, 1 yo fin dekesman nèt pou li epi rete 1 nan kouti. Pou dezyèm lane a, gen 17 pwojè apwouve, 13 y ap egzekte, gen twa yo fin dekesman nèt pou yo epi ki fini epi rete youn an kouti.

Men kèk nan pami rezilta ki pi enpòtan yo reyalize pandan dezyèm lane fonksyonman FRH la :

- 5000 fanmi te resevwa yon èd pou kite kan yo epi tounen lan katye kote yo t ap viv la
- 2000 lòt fanmi te al sou lis pou yo resevwa yon èd ki pou pèmèt yo jwenn kay solid pou yo rete
- 2570 pèmi demolisyon te rive bay epi 1278 kay wouj te demoli
- De pwojè te ranmase 527 000 mètr kib dekonb nan zòn ki difisil pou rantre yo. Prèske 20% ladan te resikle
- Lokal Enstiti Ayisyen Estatistik ak Enfòmasyon (IHESI) te rebati ak tout ekipman li epi pèsònèl la te jwenn fòmasyon
- Yo te rebati sant evakyasyon nan Ti Gwav ak Pòtoprens epitou nèf sant evakyasyon ki te andomaje te jwenn reparasyon nan Gonayiv, Pòtoprens, Taba, Delma, Jakmel ak Kabare
- 105 000 èlèv te resevwa bous pou etidye
- Yon fòmasyon pou sansibilize moun sou risk yo, te reyalize pou 8 800 etidyan nan rejyon gran Nò
- 13 480 djòb te kreye nan kominote sinistre yo grasa pwojè sou jesyon dekonb, bati enfraestrikti epi rediksyon risk desas yo
- 800 fanm ki lan biznis te resevwa yon èd sou kijan pou yo jere biznis epi degaje yo jwenn kliyan
- Plis pase US\$ 3 milyon pou garanti kredi ki te bay pou ede 253 PME, kidonk ki te garanti

US\$ 10,6 milyon lajan prete

- Yo te konstwi 14 km mi soutènman ak dig nan depatman Sid epi yo te netwaye 31 km kannal drenaj ak irigasyon
- Yo te konstwi 1320 mètr lineyè mi gabyon, dekwa pou ede bese enpak sezon siklòn 2011 la
- Yo te pwodui 1, 5 milyon plan pye bwa pou rebwaze 1000 ekta tè nan Sen Lwi

## Ki leson ak bèl okazyon k ap boujonnen?

Nan dezyèm lane fonksyonman l, kominote FRH la te aprann leson sila yo:

- Pwosedi ki byen balanse pou fasilite yon repons rapid – paske FRH gen pwosedi ki bay bon rezilta, estanda pou randman pwennfèpa, bon mwayen komunikasyon epitou yon pwosesis desizyon ki byen marye ak GoH la, li kapab jwenn repons san pèdi tan pou nouvo aksyon politik yo ansanm ak tout demand finansman yo. Pou demontre sa nou di a, nan mwa jiyè ak dayou 2011, FRH te resevwa, etidye, fè afektasyon epi transfere US\$ 30 milyon nan yon mwa pou lanse pwogram flach Prezidan Martelly a pwogram “16/6” la.
- Dèske se Antite Patnè yo ki fè travay la sa garanti fon yo depanse jan sa te prevwa - Antite Patnè FRH yo aplike bonjan règ entènasyonal pou jere lajan, pase kontra ak fim k ap fè egzekisyon, sou garanti respè anviwònman ak sosyete a, konsepsyon pwojè, suivi ak evalyasyon pou sèvi ak finansman FRH yo.
- Yon estrikti ki bay bon rezilta ede depanse mwens nan administrasyon - FRH gen youn nan rasyo depans ki pi piti (mwens pase 5%) pou fon fidisyè ak plizyè bayè ki bay apre desas. Sa gen pou l wè ak Antite Patnè yo ki byen chita, yon Sekretarya ki pa gwo, yon fidisyè ki bay bon rezilta epi yon travay ki byen separe ant chak gwoup.
- Kapasite dirije Gouvènman an bay avantaj malgre kèk limitasyon - FRH te tire benefis nan kapasite GoH la ki prezide ala tèt Komite Pilotaj la epi tabli kisa ki priyorite pou jwenn finansman. Pwoblèm nan se enstabilite gouvènman ki lakòz vitès dekesman yo ralanti : defini kisa ki priyorite epi ranplase kontrepati FRH la, tou sa vin tounen yon defi pou GoH la lè gen dout sou lejitimite a.
- Yon estrikti gouvènans endepandan pa gen pri - FRH te kapab rapouswiv aktivite li yo, malgre enstabilite sa a, youn nan rezon yo se paske li gen yon estrikti gouvènans ki endepandan. Kidonk, alòske CIRH te sispann fonksyone apre manda l vin bout, Komite Pilotaj FRH la, Sekretarya a, Fidisyè a ak Antite Patnè yo te kontinye fonksyone.

Pou twazyèm lane fonksyonman l, FRH ap gen pou l konsantre tèt li sou : a) reponn demand finansman GOH la fè pou aktivite priyorite rekonstriksyon an, b) mobilize lòt kontribisyon nan travay men nan men ak GoH la epi c) rapò ak analiz sou kijan fon transfere yo te depanse. Pou peryòd sa a, FRH ap kapab tire avantaj sou posiblite sila yo:

- **Etann manda rekonstriksyon an fè l rive jouk sou devlopman** – menmjan peyi D'Ayiti ap fè tranzisyon sòti lan rekonstriksyon pou relanse devlopman l, kominote entènasyonal la kapab sèvi ak FRH la tankou yon mwayen pou bay yon finansman ansanm pou devlopman ekonomik an jeneral.
- **Evalyasyon nan mwatye wout** - twazyèm lane depi sèt lane li egziste se yon bon moman pou kòmanse planifye evalyasyon FRH la nan mwatye wout fi fè. Sa ta dwe le moman pou fè an menm tan evalyasyon sou esperyans pase epi planifye sa k ap vin pi douvan.
- **Fèmen oubyen espansyon** - Si gen yon volonte pou gen nouvo kontribisyon bay FRH oubyen pou yon manda pi laj, Fon an te kapab kontinye devlope tèt li. Si se pa ta sa, FRH dwe kòmanse prepare yon estrateji pou l fèmen depi tout rès resous yo fin afekte.
- **Depanse rezèv la** – Jounen jodi a FRH gen yon rezèv US\$ 47,5 milyon pou afektasyon espesifik ki rete pou devlope epi pou yo fè demand pou li. Gouvènman pou koulye a ap gen pou l deside kisa l ap fè : kontinye kenbe fon an rezèv osnon reyafekte yo pou fè lòt bagay.
- **Mete plis vitès nan dekesman yo** - Gouvènman an ta dwe ede Antite Patnè yo menmjan tou aktivite ki mande yon to piti lè lajan an ap remèt, nan jefò yo pou debloke konplikasyon initil. Youn apre lòt, Antite Patnè yo kapab angaje pwosedi pou resous ki transfere bay FRH yo tounen si gen aktivite ki pa depanse lajan.

*“Nan de premye lane fonksyonman l, FRH te ede Gouvènman ayisyen an nan fè l jwenn yon finansman estratejik pou priyorite Gouvènman an ladan gen ranmase dekonb, kay ak rekonstriksyon katye yo, epitou pou finansman defisit bidjetè a. Plis tan ap pase, nou wè gen mwens Ayisyen k ap ranmase dekonb ak men yo epi gen plis espas piblik ki degaje paske kan yo ale. Sa se rezilta travay men nan men sa a, ki kontinye fèt ak lòt aktivite tankou fè katye yo vin pi bon epi repare kay, bese risk desas yo epitou refòme sistèm ledikasyon ayisyen an. Aktivite sila yo dwe ede Ayiti leve eskap figi l, deside byen djanm fè fas kare ak sa kap vin pi douvan.”*

**Laurent Salvador Lamothe, Premye Minis**

